# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–09 मार्च 2025 भोजपुरी समाचार

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु मेरठ के चौधरी चरण सिंह विश्वविद्यालय में आयोजित ऋण वितरण कार्यक्रम में सामिल भइलें। येह मौका पर मुख्यमंत्री कहलें कि नौजवानन के प्रगति में आवे वाले हर बाधा के दूर करे बदे सरकार संकलपित हौ। उहां के कहलीं कि चउबीस जनौरी से सुरू कइल गइल सीएम युवा उद्यमी स्कीम के ले के प्रदेस के नौजवानन में बहुते उछाह देखे के मिलल हौ। योजना में एक लाख आवेदन के लक्ष्य के सापेक्ष दुइ लाख सड़सठ हजार से बेसी नौजवान आवेदन कइले हवें। एहमें से पचीस हजार के ऋण वितरण क कामो सुरू कइ दिहल गइल हौ।

***अपने मेहनत पर विश्वाश करने वाले ऐसे युवाओं को प्रोत्साहित करने जो अपने पैरो पर खड़ा होना चाहते हैं। अपने माँ बाप का संबल बनना चाहते हैं। उन युवाओं के लिए हम लोगों ने व्यव्स्था दिए है कि पहले चरण में पांच लाख रूपये तक व्याज मुक्त ऋण हम उपलब्ध कराएंगे। यानि जो भी अपके द्वारा ऋण लिया जाएगा। उसमें जो भी इन्ट्रेसट होगा। उस ऋण पर आने वाले व्याज की पूरी राशि सरकार उसका भुगतान करेगी और सब मार्जिंग मनी आपको जमा करना पड़ेगा सरकार भी आपको मार्जिंग मनी उपलब्ध करवा रही है। अनुसूचित जाति, जनजाति, महिलाओं के लिए इसमें विशेष प्रवधान हम लोगों ने दिया हुआ है।***

मुख्यमंत्री आठ सालि के कार्यकाल क उपलब्धी गिनावत बतवलें कि येह दौरान पनरह लाख करोड़ रूपिया से बेसी क निवेस के जमीनि पर उतारल गइल जेहमें सात लाख नौजवानन के रोजिगार मिलल। उहां के महाकुंभ क जिकिरि करत बतवलें कि छाछठ करोड़ तीस लाख सरधालु एके सुरक्षित अउर सरधापूर्वक अनुभव कइलें। मुख्यमंत्री एहसे पहिले मेजर ध्यानचन्द स्पोर्ट्स यूनिवर्सिटी के निरमाण कार क निरीक्षणो कइलें।

**********

रंगभरी एकादसी के ले के चलि रहल उत्सव के श्रृंखला में मथुरा श्रीकृष्ण जनमस्थी से भेंट कइल गइल अबीर अउर उपहार क समान के आजु बनारस में बाबा विश्वनाथ के गर्भगृह में चढ़ावल गइल। मंदिर न्यास क प्रतिनिधित्व करत मुख्य कार्यपालक अधिकारी विश्व भूषण मिश्र अउर डिप्टी कलेक्टर शम्भू शरण विधि–विधान से श्री विश्वेश्वर क पूजन कइलें अउर उन्हें हर्बल गुलाल चढ़वलें। एकरे बाद बाबा विश्वनाथ क चल रजत मुरती क पालकी मंदिर चौक से निकारल गइल। ई जतरा सरधालुअन अउर ओइजा के लोगिन के बिच्चे एगो खास आकरसण क केन्द्र रहल। हजारों सरधालु एहमें हिस्सा लिहलें अउर बाबा विश्वनाथ अउर माता गउरा के मुरती पर हरदी लगवले के रिवाज निभवलें, जवन येह उत्सव क एगो खास धारमिक रिवाज हौ। ओहीं, दुपहरिया बाद बाबा विश्वनाथ अउर माता गउरा के हरदी रसम में महानिर्वाणी अखाड़ा क नागा साधु अउर संत लोगि बाबा क रजत मुरती के हरदी चढ़वलें अउर संकल्प के बाद काशी विश्वनाथ क दरसन कइलें।

**********

गरीबी उन्मूलन बदे प्रदेस सरकार की ओरि से चलावल जा रहल जीरो पावर्टी अभियान में गोरखपुर मण्डल में एक लाख से जियादे परिवारन क सर्वे कइ लिहल गइल हौ। एगो रिपोर्ट–

***उपनिदेशक पंचायती राज हिमांशु शेखर ठाकुर ने बताया कि गोरखपुर में सबसे अधिक इकतीस हजार चार सौ पंचानबे, देवरिया में चौबीस हजार चार सौ इकतीस, कुशीनगर में बाइस हजार आठ सौ चौंसठ और महराजगंज में इक्कीस हजार आठ सौ इकहत्तर परिवार चिन्हित किये गये हैं उन्होंने बताया कि इन परिवारों के सत्यापन का कार्य लगभग पूरा होने को है। शासन की ओर से अक्टूबर दो हजार पचीस तक प्रदेश को देश का पहला गरीबी मुक्त राज्य बनाने का निर्णय किया गया है। श्री ठाकुर ने बताया कि इस अभियान के तहत मकान, शिक्षा और रोजगार जैसी बुनियादी सुविधाओं से वंचित रहे सभी परिवारों को आत्मनिर्भर बनाने के लिये सरकार, सभी योजनाओं का लाभ मुहैया करायेगी। सबसे पहले जिन परिवारों के पास आवास नहीं है उन्हें प्रधानमंत्री आवास योजना के तहत आवास मुहैया कराये जायेंगे। समाचार कक्ष से कुमार अरूण।***

**********

आई.सी.सी. चैंपियंस ट्रॉफी क्रिकेट प्रतियोगिता क फाइनल मोकाबिला आजु दुबई के इंटरनेशनल स्टेडियम में भारत अउर न्यूजीलैंड के बिच्चे खेलल जा रहल हौ। न्यूजीलैण्ड टॉस जीति के पहिले बल्लेबाजी क फैसिला कइले हौ। भारतीय टीमि क हौसिला बढ़ावे बदे हजारों के संख्या में प्रसंसक दुबई में मौजूद हवें। प्रदेसो क क्रिकेट प्रेमी मोकाबिला के ले के ढेरे उत्साहित हवें। भारतीय टीमि पूरा टूर्नामेंट में अबले बढ़ियां परदरसन कइले हौ अउर अपराजित हवे। संझा पौने छौ बजे ले न्यूजीलैण्ड क टीमि अड़तालीस ओवर में छौ विकेट के नोकसान पर दुइ सौ सत्ताइस रन बना चुकलि रहे।

**********

अजोध्या क राष्ट्रीय राजमार्ग पर बीतल राति गोरखपुर से दिल्ली जा रहलि एगो डबल डेकर बस पिलर से लड़ले के बाद पलटि गइलि, जहसे एगो यात्री क मउति हो गइल अउर बत्तीस जने घाही हो गइलें। सूचना पर पहुंचल पुलिस घाही लोगिन के इलाज बदे अस्पताल में भरती करवले हौ। दुरघटना में मरे वाला गोरखपुर क रहवइया रहे ओहीं घाही लोगिन में जियादेतर यात्री नेपाल, गोरखपुर, कुशीनगर अउर देउरिया क रहवइया हवें।

**********